



Queens Otobis la Fèt Rezo Chanjman nan Fason

PLAN FINAL YO PWOPPOZE

Dat pou Pwojè Chanjman nan Fason Rezo Queens la Fèt

- **Analiz Done yo ak Kanpay Sansibilizasyon Piblik**
Rapò yo pibliye sou kondisyon ki gen nan moman an **Septanm 2019**
- **Sansibilizas yon Piblik pou Pwojè Plan Orijinal la**
Q1 2020
- **Yo Retire Pwojè Plan Orijinal la Desanm 2021**
- **Sansibilizasyon Piblik pou Nouvo Pwojè Plan**
Q2/Q3 2022
- **Sansibilizasyon Piblik pou Nouvo Pwojè Plan yo Pwopoze**
Q4 2023 - Q2 2024
- **Sa k Ajoute nan Plan Final yo Pwopoze a**



Kòman N ap Reòganize Rezo Otobis la?

Priyorite Kliyan yo

Nou te mande kliyan yo kijan nou ta dwe bay efò pou kreye yon pi bon rezo bis la yon priyorite. Yo te reponn ak kat priyorite ki pi ba yo. Priyorite sa yo se objektif pou chanjman nan fason rezo a òganize.



Sèvis ki Fyab

Kliyan yo vle pou yo ka konte sou otobis yo pou yo rive nan lè yo dwe rive a



Vwayaj ki Pi rapid

Kliyan yo fè konnen enkyetid yo sou zafè reta yo, sèvis otobis ki lan ak anboutejaj



Pi bon koneksyon

Kliyan yo vle pi bon koneksyon anndan distri yo epi soti nan yon distri ale nan lòt



Sèvis Senplifye

Kliyan yo vle sèvis otobis ki senp epi ki fasil pou konprann

Kòman N ap Reòganize Rezo Otobis la?

Estrateji pou Reòganizasyon an

Nou te itilzie metòd ki annapre yo pou nou reponn ak kat priorite kliyan yo:

Senplifye Rezo a ak Plan Wout ki Amelyore

- Wout ki pi dwat epi ki pi dirèk
- Nouvo kalite wout
- Mwens sèvis ki pa nesesè ak mwens devyasyon wout

Amelyore Koneksyon

- Amelyore rezo distribisyon otobis la pou kreye nouvo koneksyon
- Kreye nouvo wout pou konble vid ki genyen nan rezo otobis la
- Ranfòse transpò otobis ant awondisman pou ale Bronx, Brooklyn, and Manhattan

Amelyore Kantite Fwa yo Pase

- Bati yon pi bon rezo moun ap pran pandan tout jounen an
- Ranplase sèvis la pou adapte l ak chanjman wout yo epi pou pi byen satisfè bezwen kliyan yo

Mete Ekilib nan Arè Otobis yo

- Ogmante distans soti nan yon arè pou rive nan yon lòt pou otobis yo ka ale pi vit epi amelyore konfyans lakay kliyan yo
- Amelyore distans mwayèn ant arè yo selon nouvo kalite wout yo

Ogmante Priyorite Otobis yo ak NYC DOT

- Plis wout pou otobis, liy wout pou otobis ak lòt tretman pou akselere sèvis la epi amelyore konfyans

Amelyore Egalite nan Transpò Piblik


- Konsantre sou amelyorasyon nan zòn ki gen plis bezwen sèvis transpò piblik

Amelyore Aksesiblité

- Ranfòse koneksyon ak estasyon tren ki gen aksè ak ADA, konble vid nan rezo bis la, kite arè otobis la kote yo plis bezwen yo, epi travay ak NYC DOT pou amelyore kondisyon aksesibilite arè otobis yo.

Kòman N ap Reòganize Rezo Otobis la?

Ogmante priyorite otobis yo ak Depatman Transpò Nouyòk



Plis wout pou otobis, liy wout pou otobis ak lòt tretman priyorite bis yo pou akSELERE sèvis la epi amelyore konfyans


NYC DOT te idantifye 24 wout ki nan tèt klasman pou yo etidye pou amelyorasyon ri ki gen priyorite, grasa plizyè kritè

Entwodiksyon Nouvo Rezo Otobis yo Pwopoze a

121 wout total (parapò ak 113 ki egziste yo)

91 Wout lokal (parapò ak 83 ki egziste yo)

30 Wout Express (parapò ak 30 ki egziste yo)



Entwodiksyon Nouvo Rezo Otobis la

Chanjman nan Arè Otobis Yo Pwopoze

Ogmante distans soti nan yon arè pou rive nan yon lòt pou otobis yo ka ale pi vit epi amelyore konfyans lakay kliyan yo

20 segonn yo sove pou chak arè yo retire

83% moun ki pran transpò yo ap kontinye itilize menm arè a

Depi lè yo fè Nouvo Plan Pwojè a, espas mwayen pou arè otobis yo pou chak wout diminiye dapre kòmantè publik la, men se kan menm yon gwo amelyorasyn e sa ta dwe vle di pi bon sèvis nan tout Queens.

Nan tout analiz nou fè, nou konsantre sou pale sou kòmantè yo epi aliyen espas mwayen ant arè yo ak enstriksyon ki gen rapò ak wout la, olye de chif total.

Wout Lokal (Vèt)

Konekte katye lokal yo

- Frekans yo varye soti nan souvan wo rive nan ba,
- sa depan de demann kliyan an

Wout ijans (Mov)

Konekte katye ki deyò distri yo rapidman ak bis ak rezo tren an

- Pi frekante nan lè pifò moun nan lari yo

Wout Limited (Wouj)

Sèvi liy otobis ki gen anpil demann yo ak yon sèvis ki frekante

- Sèvis souvan tout jounen an (pifò wout yo se 10 minit oswa pi bon ant 6am ak 9pm lasemèn)


SBS oswa Wout "Crosstown" (Ble)

Konekte destinasyon prensipal yo atravè distans ki pi long

- Sèvis souvan tout jounen an (pifò wout yo se 10 minit oswa pi bon ant 6am ak 9pm lasemèn)

Sa ki egziste kontrèman ak Distans arè mwaye pou chak kalite wout

Kalite Wout	Distans Arè Mwayen ki La a Deja	Distans Arè Mwayen yo Pwopoze yo
Lokal	818 pye	1,151 pye
Limited	1,786 pye	1,277 pye
Rush	Pa Aplikab	1,169 pye
SBS/Crosstown	3,231 pye	3,051 pye
Express	1,540 pye	1,647 pye




Nouvo Rezo Otobis la - Sektè Nòdwès

Distri Kominotè 1, 2, 3, 4

Chanjman Prensipal nan Nòdwès Queens

- Nouvo wout **Limited** bay sèvis ki pase souvan nan pifò wout ki gen espas ki yon ti kras plis apa pase wout Lokal yo, sa ki bay sèvis rapid, ki pase souvan, ki regilye, e ki pi fyab (Q33, Q50, Q58, B62)
- Plizyè wout ant awondisman yo ki nouvo e ki modifie agrandi kote rezo bis la rive, sa ki fè l pi fasil pou vwayaje ant Queens, Brooklyn, ak Bronx (B57, B62, Q50, Q68, Q98)
- De nouvo wout **Rush** yo bay sèvis ki pi rapid e ki pi dirèk al nan tren an (Q66, Q69)
- Nouvo wout **Crossstown** nan awondisman yo t ap bay sèvis ki pi rapid pou distans ki pi long ak pi gwo destinasyon (Q98)
- Yon nouvo wout konble vlid ki gen nan rezo bis la, ki kreye nouvo koneksyon epi amelyore aksesibilite (Q105)
- Kèk wout vin dwat pou diminye vire ak devyasyon yo, ki bay plis sèvis dirèk epi amelyore fyabilite ak tan vwayaj (Q18, Q33, Q47, Q59, Q60, Q66)
- Lòt wout yo agrandi, aliyen yon lòt fason, oswa vin pi kout pou bay nouvo koneksyon epi amelyore vitesse ak fyabilite (Q14, Q23, Q38, Q39, Q55, Q67, Q101, Q103, Q104)




Nouvo Rezo Otobis - Sektè Nòdès

Distri Kominotè 7, 8, 11

Chanjman Prensipal nan Nòdès Queens

- Nouvo wout **Rush** yo bay sèvis ki pi rapid e ki pi dirèk al nan tren an, laval Flushing, ak Jamaica (Q13, Q27, Q28, Q30, Q36, Q43, Q46, Q48, Q61, Q62, Q75)
 - Nouvo wout **Limited** bay sèvis ki pase souvan nan pifò wout ki gen espas ki yon ti kras plis apa pase wout Lokal yo, sa ki bay sèvis rapid, ki pase souvan, ki regilye, e ki pi fyab pandan y ap konplete wout Rush yo (Q1, Q12, Q17, Q25, Q45, Q50, Q88)
 - Nouvo wout **Crosstown** nan awondisman yo bay sèvis ki pi rapid pou distans ki pi long, ki fè l pi fasil pou vwayaje nan Nòdwès Queens ak Brooklyn (Q98)
 - Wout ki fè anpil varyasyon nan moman an oswa branch ki gen destinasyon diferan yo separe an wout apa pou senplifye sèvis la, pou pasaje yo ka konnen ki wout pou yo pran ak chak kilè bis la pase (Q1, Q15, Q16, Q20, Q30, Q31, Q36, Q46, Q48, Q61, Q62, Q65, Q75)
 - Kèk wout vin dwat pou diminye vire ak devyasyon yo, ki bay plis sèvis dirèk epi amelyore fyabilite ak tan vwayaj (Q27, Q31, Q76)
 - Yon nouvo wout konble vlid ki gen nan rezo bis la, ki kreye nouvo koneksyon, diminye tan vwayaj, epi amelyore aksesibilite (Q31, Q61, Q62)

Proposed Local Bus Network (Northeast Queens)




Nouvo Rezo Otobis - Sektè Sidès

Distri Kominotè 12, 13, 14

Chanjman Prensipal nan Sidès Queens

- Nouvo wout **Rush** yo bay sèvis ki pi rapid e ki pi dirèk al nan tren an, laval Flushing, ak Jamaica (Q2, Q4, Q27, Q36, Q40, Q43, Q77, Q82, Q83, Q84, Q85, Q86, Q87, Q111, Q114)
- Nouvo wout **Limited** bay sèvis ki pase souvan nan pifò wout ki gen espas ki yon ti kras plis apa pase wout Lokal yo, sa ki bay sèvis rapid, ki pase souvan, ki regilye, e ki pi fyab pandan y ap konplete wout Rush yo (Q1, Q5, Q6, Q17, Q25, Q88, Q115)
- Yon nouvo wout konble vlid ki gen nan rezo bis la, ki kreye nouvo koneksyon, diminye tan vwayaj, epi amelyore aksesibilite (Q51)
- Wout ki fè anpil varyasyon nan moman an oswa branch ki gen destinasyon diferan yo separe an wout apa pou senplifye sèvis la, pou pasaje yo ka konnen ki wout pou yo pran ak chak kilè bis la pase (Q1, Q5, Q20, Q30, Q36, Q82, Q85, Q86, Q87, Q111, Q115)
- Lòt wout yo dwat, agrandi, alien yon lòt fason, oswa vin pi kout pou bay nouvo koneksyon epi amelyore vitès ak fyabilite (Q1, Q5, Q7, Q22, Q26, Q27, Q35, Q36, Q77, Q86, Q110, Q114)




Nouvo Rezo Otobis - Sektè Sidwès

Distri Kominotè 5, 6, 9, 10

Chanjman Prensipal nan Sidwès Queens

- De novo wout **Rush** yo bay sèvis ki pi rapid e ki pi dirèk al nan tren an ak Jamaica (Q9, Q40)
- Nouvo wout **Limited** bay sèvis ki pase souvan nan pifò wout ki gen espas ki yon ti kras plis apa pase wout Lokal yo, sa ki bay sèvis rapid, ki pase souvan, ki regilye, e ki pi fyab pandan y ap konplete wout Rush yo (Q6, Q8, Q10, Q54)
- Nouvo wout **Lokal ak Limited** yo agrandi kote rezo bis la rive, sa ki fè l pi fasil pou vwayaje ant Queens ak Brooklyn (Q7, Q8, Q112)
 - Plizyè chanjman nan wout Rezo Otobiz Brooklyn yo amelyore tou ak koneksyon sa yo (B7, B13, B55)
- Lòt wout yo dwat, agrandi, alienen yon lòt fason, oswa vin pi kout pou bay nouvo koneksyon epi amelyore vitès ak fyabilite (Q7, Q8, Q9, Q10, Q11, Q24, Q37, Q41, Q55, Q112)




Entwodiksyon Nouvo Rezo Otobis la

Apèsi sou Chanjman Rezo Otobis Eksprès yo Pwopoze yo

Chanjman wout yo

- 30 wout Express yo pwopoze
- 1 novo wout (QM65 Sidès Queens pou ale Laval Manhattan)
- 1 wout yo pa fè ankò paske pa gen anpil moun ki pran transpò la (QM3 Northern Blvd, lòt opsyon sèvis Q12, Q13, Q36, oswa LIRR bay)
- 1 wout yo pwolonje (QM64)
- 1 wout yo alienen yon lòt fason/vin dwat nan Queens (QM63)
- 2 wout yo rakousi (QM12, QM42)
- 3 wout ki gen direksyon Manhattan ki modifie (QM63, QM64, QM68)
- Ti chanjman ekilib nan arè otobis
- Wout ki gen kòd koulè pou chak destinasyon Manhattan (3 Av, Madison Av, 6 Av, Laval)
- Tout wout ki mennen Laval yo ap kanpe nan E 34 St & 1 Av toupre NYU Langone
- Yo chanje non tout wout Express "X" yo e yo rele yo "QM"
- Pifò wout Express yo gen yon ti diminisyon nan frekans yo akoz gen yon ti kras moun ki vwayaje nan kèk transpò (ni anvan, ni apre pandemi an)



Pwochen Etap

Ekip ki responsab chanjman an analize tout kòmantè yo epi fè revizyon pwopozisyon yo

Dènye Bagay yo Ajoute yo Pwopoze

- Apre odyans piblik la, si gen nenpòt gwo revizyon yo fè nan pwopozisyon yo nan Plan Final yo Pwopoze a, MTA ap pibliye Sa k Ajoute nan Plan Final yo Pwopoze a pou rezime chanjman final sa yo dapre kòmantè piblik la.

Vòt Komite a

- Komite MTA a ap koute epi vote nouvo plan yo pwopoze pou Rezo Otobis Queens la.

Aplikasyon

- Si yo aprouve l, MTA t ap kòmanse pwosesis aplikasyon an.
- Akoz gwosè rezo otobis Queens la, yo prevwa aplikasyon an ap pran plizyè mwa travay entèn ak ekstèn an kolaborasyon ak NYC DOT. MTA pral mennen yon gwo kanpay edikasyon piblik nan semèn anvan aplikasyon an ak tousuit apre.



Chanjman nan Fason yo
òganize
Rezo Otobis Queens

Mèsi

Sit entènèt pwojè a:
mta.info/queensbusredesign

